No. 23 | 6 Juni 1930 | Taoen 10.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
½ „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

PRADJA RAHAJOE.

KABETAHAN INGKANG PANTES KAPANGGALIH.

Kapranan manah koela, nalika — sapriki sampoen ragi dangoe — koela maos ing Sw. Tm., bilih ing Moentilan K.W. ngedegaken tjabang kawastanan Oebaling Katresnan Katholiek; poenapa malih nalika W. K. oegi ngwontenaken sectie O.K. K. oegi. Pamoedji koela namoeng moegi pakempalan kados makaten poenika sageda soeboer, ngedalaken woh katah; poenapa malih ladjeng katiroewa ing sadèrèk Katholiek sanès panggénan. Prakawis ingkang kantoen pijambak poenika sagedipoen klampahan, manawi kala-kala pakarjanipoen kapatjak wonten ing Sw. Tm. oepaminipoen. Poenika sanès pamèr, malah apostolaat srana toelada, djandji nijatipoen sanès pamèr.

Poenapa djalaraning kapranan koela kados kaseboet. Margi pakempalan O.K.K. oetawi ingkang ngèmperi poenika koela kinten ingkang saged mitoeloengi kabetahan ingkang sampoen dangoe asring damel kraosing manah, tanpa saged mitoeloengi. Déné kabetahan waoe kalih warni: rohani kalijan djasmani. Kekalihipoen kerep gegandéngan.

Kabetahan rohani oepaminipoen ingkang koela sipati pijambak:

Ing doesoen M. nalika semanten wonten laré sawatawis ingkang sampoen kabaptis, poenapa margi sakit poenapa boten, koela boten ngertos — ingkang setoenggal sampoen ageng nanging dèrèng mambet piwoelang agami; satoenggal malih laré èstri sampoen tamat angka kalih *goepermènan* (mangka tjelak angka kalih missie), margi kirang piwoelang, kendo ing agami; satoenggal malih, baptisipoen margi sakit; sagedipoen kopèn soekmanipoen, menawi kasekolahaken ing sekolahanipoen Missie; nanging tijang sepoehipoen kekirangan, boten saged ngwontenaken panganggé lan bajaranipoen.

Kadjawi poenika, ingkang sanget gandèngipoen kalijan kabetahan djasmani, inggih poenika betahipoen tijang Katholiek katoewèn sadèrèk Katholiek, margi kapijambaken. Koela ladjeng kèmoetan pangadjakipoen meneer S. bakda retraite taoen . . . soepados para sadèrèk samia dados visitatortjes. Panambang tjes kadjawi atages alit-alitan, oegi visitator (Djaw. ingkang noewèni), ingkang moeroegaken tjes ajeming manah.

Kabetahan rohani ingkang oegi saged gandèng kalijan djasmani, oepaminipoen malih: kakiranganipoen pangertos dateng panggoelawentah gandéngan kalijan bab panganggénipoen laré alit, ingkang asring boten dipoenawer-aweri babar pisan.

Bab kabetahan djasmani boten oesah pandjang-pandjang, inggih poenika kekiranganipoen banda, ngantos klampahan laré kawedalaken sekolahipoen margi boten saged njanggi sangoenipoen sadinten-dintenipoen, mangka bajaranipoen sampoen badé kasanggi sadèrèk.

Para sadèrèk, poenapa sanès wadjib pandjenengan, ingkang kaparingan gadah, mitoeloengi dateng ingkang boten gadah? Déné bab sarana toewin pratikelipoen tetoeloeng koela soemanggakaken dateng para K.W.-K.W. oetawi W.K.-W.K. Katresnan boten kekirangan akal, manawi oeroebipoen ageng, temtoe gampil moebalipoen manawi boten kekirangan kadjeng obong; déné kadjenging katresnan i.p. kabetahan, djer tetoeloeng poenika wataking katresnan.

Éwasemanten koela badé nja osi atoer sakedik, ingkang langkoeng-langkoeng toemoedjoe dateng sadèrèk ingkang wonten ing panggénan ingkang dèrèng gadah K.W., nanging sampoen wonten k. w.-nipoen i. p. wonten sadèrèkipoen Katholiek toewin magangan baptis. Sadèrèk waoe kénging kagolong dados kalih: 1°. Sadèrèk ingkang kalebet gadah, i.p. kandel dedasaring agami toer gampil tampi Sakramèn-Sakramèn margi gampil sagedipoen dateng kita, gadah seserepan prakawis agami lss. toer gampil anggènipoen ngindakaken, poenapa malih gadah pamedal ingkang mesti toer tjekapan. Ratjakipoen grijanipoen wonten centrum oepami ing kadistrikan oetawi ngasisténan. 2°. Sadèrèk Ingkang ratjak manggèn ing doesoen, ingkang boten gadah i. p. kosok-wangsoelipoen sadèrèk golongan 1°, Katholiekipoen dèrèng dangoe, boten saged kerep dateng kita sowan Grédja, mangka saweg tamat standaardschool, toer nganggoer; kadjawi poenika ingkang kekirangan kados sampoen kaseboet nginggil.

Sagedipoen wonten O.K.K. oetawi o.k.K. manawi wonten K.W. oetawi W.K. golongan 1° ingkang K.K.-nipoen (katresnanipoen Kath.) boten nedya dipoenrendem kémawon, malah nedya kagegesang. Déné saranipoen nggegesang warni-warni oepami kémawon asring sandjan rerembagan prekawis agami saanteronipoen, oetawi maos pakabaran missie lss. Menawi èstoe nedya nggegesang katresnan Katholiek (i.p. boten sanès kedjawi ngèstokaken Katholiekipoen, djer agami kita agami katresnan . . . .), soemerep dateng kabetahan waoe, temtoe ladjeng sami rembagan, kados-poendi sagedipoen atetoeloeng ingkang kanti loemajan pijambak, oepami: ngwontenaken kas sarana nglempakaken dana oetawi contributie sakijatipoen saben woelan, kanggé ngragadi pakarjanipoen O.K.K. kados déné: njanggi bajaran oetawi sangoening laré [ingkang karoemijinaken temtoe laré babtisan oet. magangan], ndamelaken rasoekan, lss.; malihipoen mérang padamelan, oepami sadèrèk A nggatosaken prakawis moelang agami ngiras niling-nilingaken sinten ingkang pantes lan betah kapitoeloengan, sadèrèk B ngoedi klempaking arta, sadèrèk C ndjagi prekawis dana ingkang woedjoed barang lsp.

Kadjawi ingkang sampoen koela atoeraken koela ngalembana sanget wontenipoen pakempalan laré „Mardi koepija" ingkang ndidik warganipoen ngoebalaken katresnan Katholiek sarana toelada temboeng lan lampah; wontenipoen sembahjangan sonten sesarengan mawi waosan soetji lan sembahjang tasbèh saben sonten, poenika toemindak ing doesoen katah, sembahjangan sesarengan saminggoe sapisan minangka njenjoewoenaken oebaling katresnan Katholiek; poenapa malih wontenipoen jeugdorganisatie alit-alitan ingkang toedjoenipoen ngempalaken laré-laré ingkang sampoen kababtis soepados sanadyan sampoen medal sekolahanipoen, saged panggah agaminipoen. Poenapa boten pantes tinoelad?

Ing wasana pangoewoeh koela atas namanipoen sadèrèk ing „boten gadah" (rohani lan djasmani), dados inggih atas asma Dalem Goesti Jésoes pijambak, poenika kagatosna déning sadaja wandawa Katholiek, soepados ingriki oegi kapirenga alokipoen sadèrèk ingkang taksih wonten ing pepeteng: „Wah galo! kok samono anggoné pada tresnatinresnan!!!", sadaja waoe A.M.D.G. lan amrih rahajoening soekma.

! ! ! ! ! ! ! ! ! ! ! ! ! ! ! !

L A R A S A T I.

ANTI POLYGAMIE.

Para maos priksa— ing Soematra wonten *pakempalan wajoeh*. Priksa oegi— pakempalan Ngaisijah nalika Congres Moehamadijah Ford de Kock moetoes: „*boten notjogi itjaling wajoeh.*" (langkoeng teges malih *seneng kawajoeh!!!—ndjaloek diwajoeh ! ! ! !* Manawi loo ! ! ! ! !).

Para sadèrèk!! Manawi kalih prakawis kasbat ing nginggil kagalih dédé (dèrèng) barang-barang — panjerat boten sepisan kaping kalih kémawon mireng swara „*Nationalist njang tidak setoedjoe dengan itoe polygamie, boekan ia tjinta pada tanah aer.*" Poenika boten namoeng saksoewara — tandangipoen inggih ngédab-édabi.

Djangkep tigang prakawis para sadèrèk!! Mangka . . . . taksih malih kawontenan-kawontenan — tandang-tandang — gelar-gelar — ingkang ngantawisi bilih Indonesia, *actie wajoeh kloeroek akekablak!!!*

Para ngèsti kamardikaning wanita!!!!!— sampoen nganteng-antengi noen. Poenika lo mengsah sampoen riwoet. Wanita Katholiek langkoeng-langkoeng ! ! ! !

Para ngèsti ajoening pradja! ! — kaatoeran sijaga — amasang gelar!!!

K. W.! poenika lo polygamie apetrag-petrèg!!

P, P. K. D.! Swasana Indonesia isi widji wajoeh.

Rak dèrèng medal (soelaja) kalijan kwadjiban djengandika ta ????????????

Para Anti polygamie! Inggih samangké titi mangsanipoen benampéjan apatjak baris!!

Samar koela — mangké gèk sami nglokro — liripoen: doemèh sampoen paring tjonto (boten kersa dipoenwajoeh oetawi majoeh) gèk kagalih sampoen njekapi. Dèrèng tjekap prijantoen!!!!!! Taksih kedah ngimpoen bala, mangoen babarisan sak-réka-rékanipoen. Kapriksanana — mengsah benampéjan rak boten namoeng njontoni kémawon. R. A. Dibjopranoto poenika kagem tjonto ! ! ! ! ! ! ! !

Kanti mongkog manah koela ngoetjapaken temboeng „R. A. Dibjopranoto," Awit — inggih saking initiatief-ipoen R. A. Dibjopranoto *Comite Anti Polygamie* ing Bèdji (Klatèn) saged madeg.*)

Sesorahipoen R. A. Dibjopranoto oegi moenggoeh kagem tjonto! Tjobi! (Bd. No. 21 (Bendé?? *Red.*) taoen ka 7. COMITE ANTI POLYGAMIE). . . . .

Sedjak taoen 1913 DJADI 17 TAOEN lamanja saja telah moelai berdaja oepaja hilangnja polygamie itoe. Akan tetapi hingga kini maksoed tadi ta' ada boeahnja, ... Meskipoen demikian saja poen tida aken oendoer selangkah. dan saja tidak aken mendjadi bosen. Saja aken berdjalan teroes, ta' akan takoet pada halangan jang merintangi. . . . .

Belon djoega maksoed saja tadi dapat tertjape, bahkan dapet toendjangan poen belon. Sekarang saja kedatangan moesoeh jang lebih besar, jalah motie Ngaisiah itoe. Bagaimana piloe rasa hati saja....... Tetapi saja tida berketjil hati, saja akan madjoe kemedan peprangan bertanding dengan moesoeh jang maha besar itoe, saja aken djadi hoeloebalang. Meskipoen saja aken djadi korban poen tida aken moengkir, asal hal jang mengotorkan tanah kita *(polygamie)* itoe dapat dibrantas. Kalau hal itoe telah dapat dinjahken djaoeh-djaoeh, baroelah PERASAAN KEMERDEKAAN TERDAPAT PADA KAOEM POETERI...... (agenging seratan saking P. C. Warsini).

Doemoegi ngriki kanggé sak-koela bangsa wanita koemedah-kedah mbengok „*Hidoeplah Dibjopranoto.*" !!!!

— O —

*) Comite waoe badé masrahaken Motie dateng Volksraad lan Kantoor voor Inlandsche Zaken (Betawi) katoer pamaréntah. Déné Motie waoe:

a. Ngitjali wajoeh. b. Sampoen nggegampil pegatan. c. nDoewa djedjodoan ingkang dèrèng ngoemoer. (P. C. W.)

Srikaton P. C. WARSINI.

KASOESASTRAN.

NGINDAKAKEN KAWROEH.

(basa Djawi)

Aksara Djawi ingkang kanggé ing samangké poenika waoe-waoenipoen saking aksara Hindoe [Sansekrita]. Aksara Sansekrita poenika jèn kasantoenan ing aksara Latin ladjeng moengel:

ka,	kha,	*ga,*	gha,	*nga.*
ca,	cha,	*ja,*	jha,	*na.*
ṭa,	ṭha,	*ḍa,*	ḍha,	na.
ta,	tha,	*da,*	dha,	*na.*
pa,	pha,	*ba,*	bha,	*ma.*
	ya,	*ra,*	*la,*	*wa.*
	ça,	sa,	*sa,*	*ha.*

aksara swara: a, i, u, e, o, r.
ā, ī, ū, ai, au, r̄.

Aksara samanten poenika tijang Djawi boten betah sadaja, mila namoeng dipoenpendet ingkang kénging kanggé njerati temboeng-temboeng Djawi kémawon, goeng-goeng wonten aksara kalih dasa:

[illegible]

Wondéné woedjoeding aksara Hindoe poenika angèl pangetjapipoen, mila boten kaserat ing ngriki. Ingkang kanggé ing sakawit namanipoen aksara *Nāgarī*, lan aksara *Venggi*.

Aksara swara: a, i lsp. poenika dadosipoen, [illegible] lsp.

Wondéné: ā, ī, ū l. s. p. poenika mratandani pandjang.

Pratanda pandjang poenika inggih dipoenanggé ing basa Djawi kina, amargi ing basa Djawi kina poenika oegi wonten wanda ingkang pandjang poenapa, kadosta ing temboeng rengö [illegible] ing ngrikoe [illegible] tjekak, [illegible] pandjang; apū [illegible] ing ngrikoe [illegible] tjekak, [illegible] pandjang, mila mawi soekoe mendoet.

Ing samangké tjekak pandjang poenika ing basa Djawi sampoen itjal. Ing basa Soenda taksih, oepami: [illegible] tegesipoen: [illegible]

Ing ngrikoe tetéla jèn [illegible] kalijan [illegible] poenika sami pandjang.

Tijang limrah mastani bilih ingkang damel tjarakan Djawi poenika Adjisaka, nanging poenika boten njata, namoeng dedongéngan kémawon. Para maos sampoen mangertos aksara Sansekrita ingkang poendi ingkang dipoenanggé ing tijang Djawi. Sinten ingkang ngoeroetaken dados [illegible] poenika boten terang. Saged oegi atikatikaning poedjangga, ladjeng dipoen-gotak-gatoekaken ngantos anggadahi teges tjarijos, inggih poenika

[illegible]

Wonten oegi ingkang negesi makaten: [illegible]

ISINIPOEN:

Toenggilipoen: [illegible]

Tijang Djawi golongan kina roemaosipoen saged negesi satoenggal-toenggaling aksara, dipoensoekoe, dipoentjetjak saged kémawon, oepaminipoen malih [illegible]

(badé kasambet).

V A R I A.

SANDI WATJANA.

Sinten ingkang badé ndjembaraken paningal poenika kedah asring kekésahan, nadyan botena makaten inggih jèn noedjoe wonten kapreloean mesti sok kekésahan.

Tijang kekésahan poenika wonten ingkang noempak spoor, autobus oet. sanèsipoen. Wonten ing spoor oetawi noempak sanèsipoen poenika sok ladjeng angsal mitra karoeh énggal (anjar) trekadang ladjeng néka warni ginem, tjrijos oetawi dongèngipoen. Adat sadèrèngipoen sami mawan sabda, mitepang roemijin, takèn nama, kalenggahan, dalem sapanoenggilanipoen.

Lah, poenika pakèwed: éwoeh batanganè kaki: Poenapa dipoenblakani, poenapa dipoendora sembadani. Sabab asring wonten endelanipoen njala wadi. Jèn dipoenblakani poenika sok nggoemoenaken, anggèné saged maktjeg, dados nampéjan poenika sadèrèkipoen poen anoe poenika, prenah . . . . poenika taksih . . . . . kalijan koela. Makaten saladjengipoen ngaloer-aloer boten pedot-pedot ngantos doemoegining don ladjeng memela ini - itoe, ingkang sakinten saged nggrègèlaken isining gembès (portemonnaie) oetawi kantong.

Wonten malih ingkang sok ladjeng madosi doenoeng oetawi panggènipoen, ngaken-aken sarwi mbekta kabar lalawora, jèn badé angsal anoe, dipoensoekani anoe, nadyan sampoen graad samanten taksih gadah hak tampi pandoeman anoe, samanten, lan sapanoenggilanipoen.

Dados wonten ing poendi-poendi oetawi wonten ing poeroeg sampoen goemampil mbabadaken sanak-sadèrèk, kadjawi dateng ingkang sampoen genah.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN K. W. LAN P. P. K. D. TJABANG SEMARANG.

Nalika dinten Setoe soerja kaping 31-5-'30. sonten, K. W. toewin P. P. K. D. Semarang ngwontenaken parepatan warga, manggèn ing K. J. B. Bangkong. Ingkang ngrawoehi (lid lan tamoe) prijantoen 31. Kinten-kinten djam 7¹/₄ K. W. kabikak kanti tatatjara Katholiek toewin kados limrahing pakempalan. Sadèrèngipoen voorzitter njandak agenda, atas namaning K.W, voorzitter ngatoeraken p. f. dateng sadèrèk tetiga ingkang mentas katampi iksamenipoen Schatkistambtenaar (i.p. sedèrèk: Soerja, Poespasoetjipta, Santjaja). toewin ingkang ladjeng sinambetan keplok-gambiraning sedèrèk sadaja. Gegandéngan kalijan kabingahan ing K. W. langkoeng-langkoeng sedèrèk ingkang mentas examen, K. W. béndjing badé ngwontenaken ringgitan. Poenika oegi kasambetan keplok kabingahan déning prijantoen sadaja.

Sasampoenipoen poenika voorzitter ladjeng njandak agénda wosipoen:

I. Wara-wara pangrèh K. W. 1e. maos verslag nalika pepanggihan Paaschfeest. 2e. oetoesan maos verslag Congres. 3e. maos serat saking P. K. W. prekawis damel Commissie njinaoe tata-tjara Katholiek.

Prekawis poenika K. W. Semarang oegi moetoes damel Commissie, kapasrahaken pak: Mardi - Kawroeh toewin kabantoe sedèrèk sawatawis sanèsipoen ingkang kersa.

Sasampoenipoen poenika voorzitter njela ngrembag lijst Semarang kanggé dana ing Likasan toewin lijst dana kanggé missie Sedajoe.

II. Prekawis padvinderij. Sedèrèk Poespasoetjipta lezing bab babad - babadipoen padvinderij kebangsan ing Indonesia lan ingkang gegandéngan kalijan poenika, toewin njrijosaken saénipoen padvinderij ingkang sadaja saèstoe boten wonten awonipoen.

Mergi sedèrèk Poespasoetjipta ingkang kasawoeng dados leider pindah saking Semarang, K. W. moetoes dèrèng saged ngwontenaken padvinderij.

Wasana sasampoenipoen voorzitter matoer noewoen dateng sedèrèk Poespasoetjipta, K. W. katoetoep, kinten-kinten djam 9. Ladjeng kagantos pakempalan P. P. K. D.

Pakempalan P. P. K. D.

Pokokipoen ngrembag pilihan lid gemeenteraad.

Ing sadèrèngipoen, atas P. P. K. D. voorzitter ngatoeraken p. f. dateng sedèrèk tetiga ingkang mentas katampi examenipoen. Ladjeng mangsoeli ngrembag lijst dana kanggé Likasan.

Prekawis pilihan gemeenteraad, bestuur sampoen kintoen serat dateng besruur B. O. jèn neda madjeng sesarengan kalijan B. O. Woesana tampi wangsoelan serat (ingkang oegi kawaos wonten parepatan poenika), ingkang wosipoen B. O. boten saged nampi P. P. K. D, mergi lelampahan waoe nredjang hoofdprogramipoen B. O. Wondéné hoofdprogram ingkang kados-poendi oengelipoen, ing serat ngrikoe boten kasebataken. Mangka tjeta jèn B. O. madjeng sesarengan kalijan P. S. I. lan Penjoeloeh Semarang, boten kalijan P. P. K. D. Voorzitter oegi sampoen njoeloeh - njoeloeh kados-poendi oengeling hoofdprogram waoe, nanging doemoegining endon, inggih namoeng saged nginten-nginten, bilih lelampahan waoe gandèug kalijan artikel ageng P. P. K. D.

Wasana poetoesaning pakempalan P.P.K.D. badé madjeng pijambak, sanadjan ngedalaken béja katah, rekaos membanting toelang menghabiskan tenaga. Pangadjeng - adjengipoen kawon tjatjak menang tjatjak, mélik² bati ervaring. Oetawi jèn P. P. K. D. dipoenkatenaken kémawon sampoen moendoer, mangké mindak dipoensepèlèkaken dateng pakempalan sanèsipoen. Wondéné sawoeng ingkang katjoengoelaken adjeg sawoeng lami inggih poenika: sedèrèk Martawidagda lan Soepadi.

Bakda poenika sedèrèk Poespasoetjipta ladjeng lezing nerangaken tjaraning pilihan gemeente ngantos saterang-terangipoen. Sasampoenipoen voorzitter soeka panoewoen dateng pamedar sabda, pakempalan katoetoep kondjoek ing Goesti Jésoes. Kinten-kinten djam 10¹/₄.

Verslaggever. *Ketjil.*

CONFERENTIE WARGA P. P. I. I. AFD. SOLO.

Dinten Ngahad 1 Juli 1930 watawis djam 10, pakempalan ² ingkang sampoen dados liding pak. P. P. I. I. inggih poenika: pak. Wanita Katholiek, pak. Aisjah lan pak. Santjaja-rini, sami ngawontenaken pepanggihan wonten dalemipoen sadèrèk Koesban ing Kaoeman.

Ingkang karembag: Kadjawi netepaken wontenipoen conferentie, (inggih-poenika saben 3 woelan ngawontenaken pepanggihaning para pangrèhing pakempalan waoe), oegi ndapoek Comité, badé kanggé tjalon openbare vergadering.

Warga Comité:

Wanita Katholiek.
1. sad. Th. Hardjasoebroto
2. sad. X. Poerwoatmodjo.
3. sad. Threes Soealbirah.

Aisjah.
4. sad. Parikrangkoengan.
5. sad Danoesoebroto.
6. sad. Sapari.

Santjaja-Rini.
7. sad. Soewijah.
8. sad. Soekatja.
9. Soedibja.

Ingkang katoeding dados:
sad. Soewijah Voorzitster.
„ Danoesoebroto V. Voozitster.
„ Threes Soealbirah. 1e. Secretaresse.
„ Soekatja 2e. Secretaresse.
„ Sapari 1e. Penningmeesteresse.
„ Th. Hardjosoebroto 2e. Penningm.
„ X. Poerwoatmodjo, „ Parikrangkoengan, „ Soedibja — Commissarissen

Rantjangan bab sesorah.
1. Vrouwenhandel (C.P.P.A.) = Padagangan laré èstri,
2. Spaarzaamheid lan Economie ......
3. Kinderopvoeding = Panggoelawentahing laré
4. Broederschap = Pasedèrèkan
5. Over: Stad Solo = Kawontenan ing Solo.

Watawis djam 12 pepanggihan katoetoep

C. C. W. K.

GANGSAL TAOENAN „MARIA-MEDIATRIXE".

Kala dinten Ngahad, tanggal 18-5-'30 pakempalan „Maria-Mediatrixe" ing Ambarawa ngwontenaken pepanggihan, manggèn ing dalemipoen R. M. Soerjabanaroesid, preloe mèngeti adeging pakempalan sampoen djangkep 5 taoen.

Ingkang rawoeh, kedjawi para warga lan warga mandjoeroeng sagarwanipoen, inggih poenika pandjenenganipoen Rama Superior Pastoor A. van Kalken — inggih pandjenenganipoen poenika ingkang ngadani M. M. —. Rama A. de Kuyper (G. A. ring M.M.), Rama Hoevenaars, wakiling pakempalan-pakempalan „Éka-kapti" . (pakempalanipoen prijantoen-prijantoen poetri ing Ambarawa), K.W., P.P.K.D., Debatingclub lan Pangroekti-Laja dalah para tamoe sanès sawatawis; goenggoeng kempal wonten prijantoen ± 50.

Kèndel djam 10 éndjing pepanggihan katapoekaken.

Programma: I. Para warga kapotrèt:

II. Menjanjianipoen para moerid Meisjesvervolgschool.—Boten ngoetjiwani.

III. Sesorahipoen pangarsa M. M. Soeraosipoen:

a. Ngatoeraken soegeng rawoeh dateng para ingkang sami lenggahan.

b. Matoer noewoen dateng R. M. Soerjabanaroesid toewin feestcomité.

c. Ngandaraken poenapa wigatosipoen papanggihan poenika.

d. Andjlèntrèhaken babad - babadipoen M. M. wiwit madeg éngga samangké; lan njrijosaken poenapa ingkang dipoentandangi M. M.

e. Nenangi manahipoen para warga, soepados sampoen ngantos kemba anggènipoen nggrengseng njamboet damel moerih adjenging M. M.

IV. Atoer kawiloedjengan saking wewakiling „Éka-kapti" lan pangarsaning P.P.K.D. (atas namaning P.P.K.D., K. W., Debatingsclub lan Pangroeti-Laja.)

V. Menjanjianipoen para moerid Meisjesvervolgschool. — Saé, adamel trenjoehing ingkang sami mirengaken.

VI. Rama Superior djoemeneng sarta medar sabda mawi basa Walandi.

Pandjenenganipoen saklangkoeng rena ing panggalih, déné pakempalan M. M., ingkang nalika pandjenenganipoen taksih wonten ing Ambara sampoen naté ketingal moendoer sanget, sapoenika madjeng lan mempeng anggènipoen toemandang damel, sarta malah ladjeng saged ngwontenaken pepanggihan, preloe mèngeti adeging pakempalan sampoen wonten 5 taoen.

Adeging pakempalan M. M. oegi sanget ndadosaken renaning panggalih dalem Kangdjeng Biskop ing Betawi. Saking karsa dalem soepados ing Ambarawa samia ngoedi sagedipoen wonten Maria-congregatie kanggé para wanita, lan soepados pakemlan M. M. kadadosna Sectie-ning Congregatie waoe. Poenika margi ingkang salaras sanget kalijan karsa dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama Pius XI.

Pandjenenganipoen Rama Superior ngandika, bilih sarana makaten poenika pakempalan M. M. badé saja langkoeng moerakabi toemrap para sadèrèk ing Ambarawa sawewengkonipoen.

Minangka panoetoep pandjenenganipoen ngadjeng-adjeng sanget, soepados boten namoeng ing Ambarawa kémawon katindakaken makaten nanging oegi ing sanès panggénan.

VII. Para moerid ing Meisjesvervolgschool menjanji malih: adamel saja regenging pepanggihan.

Sasampoenipoen sami lelenggahan saoentawis sinambi ngoendjoek wédang lan dahar njamikan, ladjeng dahar prasmanan. Boten let dangoe toemoenten sami bibaran.

Laré Pening.

P. S. Ing dinten kasboet ing ngadjeng wantji djam 6 éndjing, para warga sami ndèrèk Koerban Mis Soetji, ingkang kaoendjoekaken kanggé njoewoenaken berkahing M. M., lan sami tampi Panoenggal Soetji.

L. P.

Mila leres: djaman samengko kawroehana, dèn waspada lan waskita. Lamoen tan mangkana kerep manggoeng nemoe pitoena.

Ki NALASETA. Djatimengeng.

P. N. S. IN ACTIE ! ! !

Kala tanggal 25 Mei wingi poenika para goeroe² saking N.S. sami ngawontenaken panggihan wonten ing dalemipoen sdr. Wasiroen. Ingkang ndatengi warga² P.N.S. Poerwokerto, poenika ingkang kanggé papaning pepanggihan——; tjabang Banjoemas, Poerbolinggo, Soekaradja, Djatilawang, Tegal, Karanganjar, Gombong, lan Bandjarnegara, goenggoeng 25 tijang. Oprichter P. N. S. sadèrèk sepoeh t. Soepardi (Mantri goeroe Leerschool Poerwokerto) oegi nenggani.

Panggihan dipoewiwiti djam 10 v.m. bibar djam 1.30 n. m. Wosing rembagan koela tjekak kados ing ngandap poenika:

Sdr. Soerawidagda kala Sawal wingi poenika tampi beslit pindah saking bawah Karanganjar dateng kita Banjoemas, mawi katetepaken dados leider koersoes goeroe doesoen ngrikoe mawi toelah per maand tigang dasa pop (f 30).

Sareng sampoen wonten Banjoemas tansah tampi pasemon saking S. O.'nipoen, ingkang isi pangina, oetawi pandakwa jèn sdr. Soera (ma'af wong ming weton N.S., dadi ora saka K.S.) boten saged njepeng toentoean dados leider koersoes goeroe doesoen! Sampoen mesti kémawon, djalaran leider kala roemijin saking .... K.S. dus moesti tjakapnja!!!

Doemadakan kala April kapengker K. T. Inspecteur rawoeh ing pamoelanganipoen sdr. Soera, dawoeh bilih sdr. Soera kalorod saking leider, dados hulpleider. Ingkang dados leideripoen kepala sekolah kl. II no. 2. (saking K. S.), (sdr. P. S. Atmasoedarma??). Déné sdr. Martasiswaja (N.S.) kalorod of kapotjot saking anggènipoen dados hulpleider. Kasiaan!! Anggènipoen sdr. Marta kalorod poenika margi pamoelanganipoen zonder klas I II III (vervolgschool. *)

Bab ingkang makaten poenika pratanda:

I Panginggilan anggènipoen mbenoem boten dipoen-galih jektosan, tandanipoen boten sabda pandita, pangandika ratoe. Poenapa inggih beslit klintoe???

II Panginggilan katingal boten pitados dateng kita N. S.ers, boekti sampoen benoem met besluit tanggal nomer dados leider. kok KATJABOET.

III Ingkang makaten poenika pihak nginggil katingal boten adil, alias pilih sih!

IV Damel isin kita N. S.ers roemaos dipoenanggé dolanan, kadamel sakersanja, kabenoem — katjaboet — kalorod.

V Damel soedaning dradjad kita N. S.ers .....

VI Sateroesipoen .....

Inggih leres lelampahan kaseboet waoe saweg satoenggal kalih tiga, (kalebet sdr. M. Tjipta leider koersoes goeroe doesoen Bandjarnegara met besluit, oegi sampoen kalorod kadadosaken hulp!!), nanging mangké rak saged .... ngèngini golongan kita. Mila kedah kita tandangi moerih sampoen keladjeng-ladjeng.

Poetoesan rembag oebjeg, badé damel protès. kantoen milih, a) dateng H. B. P. N. S. soepados kaladjengaken dateng ingkang wadjib déning P. G. H. B.; poenapa: b) njebar protès waoe dateng Departement, V. B. P. G. H. B.; H.B.P.N.S. dateng pers Indonesia (Bintang Timoer, Sedio Tomo, Darmo Kondo, Fadjar Asia, Bahagia enz.) ...,

Kanti swara oemoem kapilih ingkang b. Déné oengel-oengelaning protès sarta ingkang nindakaken kapasrahaken sdr. sepoeh t. Soepardi.

Moegi² angsala woh moerakabi kanggé kita N. S.ers.

Verslaggever !?!

KABAR WARNI-WARNI

SOERAKARTA. „Morgenster."

Béndjing malem Setoe 6/7 K.P.B. de **„Morgenster"** badé ngawontenaken tooneel opvoering lampahan „Hadjisoka" manggèn ing R.K. Europeesch School. Poenika waoe mligi kanggé laré-laré!!

Malem Senèn tg. 8/9 kanggé tijang-tijang sepoeh!!

Prabéja mlebet.

Laré Djawi	f 0.12
Tijang sepoeh	f 0.48
Sinjo	f 0.48
Soldaat	f 0.48
Bangsa mantja	f 0.96

Kaoentoengan kanggé ndandosi organisatie K.P.B. de „Morgenster" lan ngrembag **„Grédja énggal."**

Kedjawi poenika jèn tanpa alangan mbéndjing tg. 4 Juli '30 badé ngawontenaken Opvoering, njamboet damel sesarengan lan „Jatnasiddaja" manggèn ing Schouwburg Poerbajan. Kaoentoengan sapérangan ageng kanggé mitoeloengi kasangsaran **„Télamaja."**

Kedjawi tooneel ingkang badé kapitontonaken **„Padvinders demonstratie"** toewin lezing tjekak prakawis **„Padvindersbeweging."**

Sadaja ragad-ragad toewin poenapa-poenapa kaperloeaning tooneel opvoering katandangan pijambak, ingkang dados tjita-tjitanipoen **„zelfvertrouwen."** [N. B. Boten pisan boten nampik pitoeloenganing sanès].

Inkang poenika para sadèrèk kaadjeng-adjeng sanget rawoehipoen mriksani tooneelopvoering waoe!! Mangga koela atoeri mriksani pating glidrahing para poetra² pandjenengan, ingkang sami „membanting toelang dan tenaga" adjar² toemoet njamboet damel kanggé kabetahaning oemoem!

Pandjenengan rawoeh mriksani tooneel waoe, oegi ateges toemoet mbantoe jasa **„Grédja énggal"** ing Soerakarta!!

Mangga kanjatakaken!!

Saluut A. J. S.

*) Déné toemindakipoen béndjing wiwit Juli '30.

POESPITA MANTJA WARNA.

PAOS PAMOELANGAN.

II.

III. Dados jèn makaten paédahipoen paos pamoelangan jèn kalimbang-limbang saèstoe, boten sapintena, mandar malah saged oegi kosok-wangsoel. Margi andjawi prakawis ingkang sampoen kasebat, taksih wonten djalaran sanèsipoen ingkang langkoeng penting lan wigatos, ingkang moeroegaken boten moepakatipoen golongan ingkang kaping kalih:

1). Manawi paos pamoelangan poenika katindakaken, nagari ladjeng kados-kados anggadahi semoe manawi kadjibah anggoela-wentah anakipoen kawoela alit. Kang mangka sesanggèn ngoepakara laré poenika dados bebahanipoen tijang sepoeh pijambak, lan sanès koewadjibaning nagari. Inggih pantji njata, negari kedah andjagi lan saged paring dawoeh, manawi laré kedah kagoela - wentah soepados saged dados poeradjana (burger) oetami; éwasamanten hak lan koewadjiban anggoela - wentah laré dados gegebanganipoen tijang sepoeh pijambak; poenika boten kénging kaoenggrèh-oenggrèh babar pisan; kadjawi manawi panggoela - wentahipoen tijang sepoeh boten saé, mlanggar sarak; tijang sepoeh kénging lan kedah kaémoetaken. Namoeng manawi sadaja toemindak kados samestinipoen, nagari boten kénging dawoeh: „Woes wong tjilik, prakara anakmoe pasrahna akoe, adja samar", awit poenika sanès bebahanipoen; andjawi poenika, jèn makaten, saja mindak katah sesanggènipoen negari, la poenika saged oegi andjalari boten saé oetawi kirang saénipoen anggènipoen nindakaken prakawis sanèsipoen, ingkang dados sesanggènipoen nagari pijambak."

2). Paos pamoelangan poenika saged dados bebajaning pamoelangan partikelir; awit manawi pamoelangan partikelir kedah prodéo alijas tanpa bajaran, kados - poendi sagedipoen badé oemadeg lestantoen? Rèhning namoeng tampi sendjata pitoeloeng (subsidie) ingkang dèrèng saged anjampeti sadajaning kabetahan, pramila saben woelan kedah nambeli pijambak, kedah tansah toeni, lan woesananipoen sampoen temtoe palastranipoen; éman sanget poenika mangké? Kang mangka pamoelangan partikelir poenika inggih sami anggadahi hak manawi sageda lestantoen, poenapa déné oegi saged maédahi dateng nagari moerakabi dateng kawoela alit. — Sampoen prakawis poenika, bab paédahipoen pamoelangan partikelir lsp. boten badé koela rembag.

3). Manawi paos pamoelangan katindakaken, pamoelangan sadaja kedah prodéo tanpa bajaran. Poenika wonten awonipoen sakedik, amargi laré² ingkang sami sinaoe, sanadjan ing wiwitanipoen anggadahana roemaos, manawi tijang sepoehipoen ambajar paos pamoelangan, namoeng dangoe-dangoe saged nginten, margi boten naté ambajar pijambak, manawi pamoelangan poenika tanpa bajaran babar pisan; ing woesananipoen adjining piwoelang saged soeda, krekat lan gregeting laré sinaoe saged ragi kemba, boten lija amargi roemaos boten kétjalan poenapa-poenapa.

Sampoen badé koela poenggel doemoegi samanten kémawon. Poen Djalaran namoeng sadremi njoeplik pamanggih - pamanggih sawatawis ingkang magepokan paos pamoelangan. Boten langkoeng poen Djalaran njoemanggakaken saha gadah pangadjeng - adjeng toewin panjoewoen: Sadèrèngipoen paos pamoelangan katindakaken, negari moegi-moegi karsaa menggalih roemijin ingkang kanti premati, karsaa nglelimbang ingkang pandjang lébar, sampoen agé-agé ....!!!

DJALARAN.

SOEKARADJA (BANJOEMAS).

Pabrik koerban tijang.

Ing salebetipoen taoen 1930 poenika, pabrik rosan ing Kalibagor dipoendandosi lan dipoeagengaken; sapoenika sampoen rampoeng, dados kedah dipoenwiloedjengi.

Nalika tanggal 26-5-'30 sampoen wiwit wonten koeli ingkang dados koerban. Koeli waoe saweg njamboet damel wonten ing sanginggiling pjan, saking kirang pangatos-atosipoen, koeli waoe kedjeblos saking pjan, teroes dawah ing djobin. Sarèhné tatoenipoen awrat, mila koeli waoe kapeksa noewèni kliniek. Let sedaloe.........teroes noewèni achirat.

Nalika tanggal 27-5-'30, wonten koerban malih, inggih poenika toekang besi sekawan sami dados tedaning pirantos pemasakan gamping ingkang inggilipoen ± 30 M. Djalaranipoen makaten:

Toekang besi waoe saweg njobi kèrèkan (katrol) ageng, ingkang badé kanggé pirantos anginggahaken gamping, Toekang besi waoe ingkang kalih noempak wonten ing bandoel kiwa, ingkang kalih wonten ing bandoel tengen. Saweg doemoegi ing tengah-tengah, doemadakan rodaning kèrèkan mandeg greg. Sareng roda dipoensongkèl mawi linggis. kèrèkan ladjeng ndjepat. Tijang ingkang kalih dawah mèngandap sabandoelipoen, kalih-kalihipoen tatoe awrat, teroes kabekta dateng kliniek. Déné tijang ingkang kalih katoet ing bandoel ndjepat minggah; ingkang satoenggal kaplesat dawah tebih, baloenging totok ngantos tjoplok, polonipoen (oetek) sami mawoet-mawoet. Let 3 djam tijang waoe pedjah, sarana nilar sémah ingkang saweg wawrat 5 woelan, lan anak alit-alit sekawan ingkang saweg sami sinaoe. Déné tijang satoenggilipoen teroes katoet minggah, ketjepit ing tosan ngantos gèpèng, tanpa sesambat malih. Tijang poenika nilar anak alit satoenggal lan sémah.

Tanggal 28-5-'30 wonten malih mandor mesin ingkang kasabet ing roda, oegi teroes mertoewi dateng kliniek.

Manoet gotèking ngakatah, ahli warisipoen ingkang sami pedjah waoe, pikantoek soembang - soeroeng saking toewan administrateur à f 15.—

[Hem .... njawa mirah poenika. Para sadèrèk. bok jèn njamboet-damel poenika koela atoeri ingkang ngatos-atos, awit njawa tijang makaten tanpa regi, tegesipoen reginipoen tanpa wangenan].

Poenapa boten èstoe?

Margi kala taoen kapengker sampoen naté kelampahan dipoensetakingi para koeli² lori, mila manoet kabar ing ngakatah, pabrik rosan ing Kalibagor toemoenten badé jasa locomotief, kanggé narik lori² ingkang badé ngewrat rosan. Nanging doemoegi titi poenika kok teksih sepen kémawon. Bokmenawi boten èstoe, awit tingalipoen poen koeli² lori waoe sampoen sagah badé njamboet damel malih.

(Lo, semanten dajaning kapitalisme).

Pedjah dadakan.

Nalika tanggal 4-5-'30, penatoes [loerah] ing Soekaradja tengah pedjah tanpa sakit wonten ing salebeting kalangan main. Manoet kabar ingkang tjeta, penatoes waoe anggènipoen main sampoen tigang dinten tigang daloe teroesan kémawon. Sareng daloe ingkang kaping tiganipoen, penatoes waoe kaleres djagong wonten ing grijaning koelinipoen. Wiwit ing sadatengipoen, pijambakipoen teroes njepeng kertos. Sareng ± djam 12 daloe, salebaripoen pista, pijambakipoen kraos moemet, dangoe² ladjeng ngambroek. Let ¹/₂ djam ladjeng..... goeloeng tiker sanjawanipoen.

(Lo semanten sedèrèk, awonipoen tijang ingkang karem dateng sipat satoes kalih dasa, ngantos boten trimah namoeng kesoepèn dateng barangipoen tok, dalasan njawanipoen pisan inggih dipoensoepèkaken).

Soekaradja 29-5-'30. ?

KABAR SAKING SEMARANG.

Schatkistambtenaren énggal.

Nalika tanggal 12 — 17 Mei lan 21 — 21 Mei ing Semarang dipoen wontenaken eindexamen kanggé pangkat „Schatkistambtenaar."

Ingkang toemoet examen 37 ketrimah 26.

Sadèrèk katholiek Djawi ingkang katrimah 3. inggih poenika:
1. R. M. T. Soerjaatmadja.
2. R. M. J. Santjaja.
3. P. J. Poespasoetjipta.

Goeroe - goeroe H. I. S. Canisiusstichting ingkang toemoet nempoeh exsamen dados klebet sadaja.

CORRESPONDENTIE.

Abn. 712, Kalasan: arta f 3 sampoen kita tampi; ananging kintoenan roemijin f 1,50 malah dèrèng doemoegi; tjobi koela atoeri ngoeroes.— Salatiga! kasèp; minggoe ngadjeng. Abn. 239 Soerabaja: kita tansah ngintoenaken Sw. Tm. Karangan ingkang dèrèng kapatjak koela atoeri njrantosaken.

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS).

KABAR KATHOLIEK.

Pastoer Djawi ingkang tjalon angadjawi.

Saking golongan ingkang kénging pinitados, koela mireng kabar bilih pandjenenganipoen pastoer *Soekiman* toewin *Djajasepoetra* béndjing Agoestoes—Septèmber ngrikoe badé wangsoel angadjawi, sareng-sareng kalijan pastoer Spekle ingkang kala taksih frater lenggah wonten Moentilan. Sadèrèng sasampoenipoen ngatoeraken soegeng rawoeh!

Pisoengsoeng lampoe.

Centrale Comité ing Roem, kala malem tanggal 28 April poenika misoengsoengaken lampoe èlèktris ing Grédja agoeng St. Jan van Lateranen, minangka pangènget-ènget sèket taoenan dalem Pius XI.

Para Kg. Kardinaal toewin prajagoenging Pasamoewan Soetji sanèssanèsipoen sami sowan dateng Grédja, ingkang pinadangan lampoe 700, padangipoen 120.000 lilin.

Mexico.

Minister Binnenlansche Zaken, t. Portes Gil, (roemijin naté dados wd. president), nembé poenika dawoeh noetoep sakolahan tiga, margi oengelipoen nradjang papatjak ngawisi moelangaken Agami.

Ing nagari Tabasco, pangoejaoeja dateng tijang Katholiek taksih lestantoen, margi nagari ngrikoe boten poeroen ngakeni bedaminipoen Pasamoewan Soetji kalijan pradja Mexico. Toetoenggoel Katholiek kakalih sami itjal sarta itjalipoen waoe njala wados. Grédja-grédja dipoendjarah rajah lan karisak malih; ngoelama-ngoelama gesangipoen sami ameng-amengan njawa.

Wonten pawartos radi njenengaken, i. p. biskop Mexico tetiga ingkang doemoegi sapriki taksih wonten boetjalan, badé kawangsoelaken dateng Mexico malih.

Maha Biskop ing Guadalaraja ingkang sasampoenipoen wonten bedamèn taksih kaboetjal, sampoen tampi pawartos officieel bilih kondoeripoen dateng kabiskopan Guadalaraja kaparengaken nagari.

Sasampoenipoen Chipa dipoentantjebi Bisschop énggal, namoeng kantoen koekoeban Tabasco ingkang dèrèng wonten Biskopipoen.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Mej. Ramah Saleh angsal hoofdacte.

Mej. Ramah Saleh, katarimah iksamenipoen hoofdacte. Bapakipoen, pènsijoenan goeroe Normaalschool Padang Pandjang, sapoenika taksih gesang, manggèn ing Betawi.

Mej. Ramah Saleh, toemrap satanah Indonésijah kalebet poetri nomer kalih ingkang pikantoek acte waoe. Nanging toemrap poelo Andalas, poetri ingkang sapisanan angsal hoofdacte . . . Déné poetri sapisanan ingkang angsal hoofdacte, anama Tjindarboemi ing Soerabaja, kala taoen kapengker.

Konggrès Sumatra Thawalib.

Konggrèsipoen pakempalan poenika, manggèn ing Fort De Kock ingkang saminggoe dangoenipoen, manoet tjarijosipoen Aneta, ingkang bakoe amoetoes ngedegaken sakolahan-sakolahan Islam. Ing Soematra Kilèn éwon tijang dados warganing pakempalan waoe. Kadjawi poenika oegi sampoen jasa sakolahan katah, kadosta ing Padang Pandjang, moeridipoen langkoeng saking 1000. Konggrès poenika kénging kawastanan reactienipoen konggrès Moehamad Dijah ingkang dèrèng dangoe poenika inggih kawontenaken ing kita ngrikoe.

30 taoen dados prijantoen negari.

Katjarijos, kala 26 Mei poenika pandjenenganipoen *R. A. A. Danoesoeganda* boepati Magelang sampoen djangkep 30 th. anggènipoen djoemeneng prijantoening nagari.

Tanggal 8 April 1896, pandjenenganipoen tamat saking pamoelangan angka kalih, ladjeng neroesaken sinaoe ing Hoofdenschool ing aloenaloen Magelang.

Tanggal 20 October 1891 tamat pasinaonipoen wonten hoofdenschool, ladjeng magang ing kantor karésidénan. Tanggal 26 Mei 1900, kaangkat dados djoeroe serat assistent ing Mendoet, kanti blandja f 10,—. Let kalih woelan blandjanipoen dados f 15,—. Tanggal 26 April 1901, ngasta djoeroe serat kontrolir ing Wanasaba, ladjeng ngasta djoeroe serat kaboepatèn Wanasaba.

Taoen 1903 ngasta mantri poelisi ing Lokidan (Karanganjar). Taoen 1907 minggah assistent wedana, ngantos doemoegi 6 December 1908. Ing dinten waoe, pandjenengan winisoeda djoemeneng boepati ing Magelang.

Ing taoen 1916, margi anggènipoen dados warga Indie Weerbaar, dateng Nederland, saha tinampi odènsi pandjenenganipoen Sri Maha Radja Poetri.

Tanggal 31 Agoestoes 1920, pikantoek seseboetan Arja, lan tanggal 24 Agoestoes 1923 pikantoek seseboetan Adipati, wasana let gangsal taoen malih kaparengaken ngagem songsong djené.

Katjarijos, boepati Magelang poenika toeroenipoen boepati ingkang ageng sanget lalabetanipoen dateng Nagari.

Ing taoen 1813 G. G. Raffles kagoengan karsa misahaken Kedoe saking djadjahan Ngajogjakarta.

Ingkang dados boepati sapisanan ing Magelang, djoeroe serat kapatihan Ngajogjakarta, asma Radèn Arja Danoeningrat. Pandjenenganipoen krama pikantoek woeragilipoen patih Danoeredja. Patih Danoeredja poenika waoe mantoe dalem Soeltan Mangkoe Boemi I ing Ngajogjakarta.

Nalika taoen 1815, tanah Djawi wangsoel dados djadjahan Walandi malih, boepati Danoeningrat I taksih ngasta boepati Magelang.

Taoen 1825 wonten perang Dipanagaran, wajah dalem Soeltan Mangkoe Boemi, badé ngrebat Kedoe.

Watesipoen Kedoe kalijan Ngajogja, kala samanten lèpèn Djingking, tjaket doesoen Djoemaja sakidoel Moentilan, sarta noegel margi ageng Djokja — Magelang.

Doesoen Djoemaja dipoendjagi djéndral de Kock angadangi adjenging barisan Dipanagara. Regent Magelang kalijan opsir kekalih, kanti dadamel mrijem kalih, oegi toemoet andjagi papan waoe.

Ing satoenggiling dinten, wadya Dipanagaran tjampoeh kalijan wadya Walandi. Wonten ing paprangan poenika, boepati Magelang kalijan opsir Hilmers tiwas. Lajonipoen ingkang boepati Danoeningrat I dipoentjatjah-tjatjah, dipoentigas djangganipoen. Moestakanipoen kaatoeraken pangéran Dipanagara dateng Selarong. Moestaka waoe kapetak, ... déné sarira ingkang namoeng kantoen gemboeng kasarèkaken wonten Pajaman tjaket Kalibening.

Kalanipoen p. Dipanagara kalijan djéndral-djéndralipoen katjepeng wonten gedong karésidénan Magelang sapoenika, diéndral-djéndralipoen waoe anedahaken papan pasaréjanipoen moestaka Danoeningrat wonten ing Ngajogja. Pasaréjan kakalih waoe doemoegi sapriki tansah kapoendi-poendi sentana Danoeningrat.

Minangka gandjaran anggènipoen labet dateng paréntah ngantos doemoegi séda, pangkat boepati Magelang kawarisaken dateng toeroentoeroenipoen. Dados kadjawi sentana Danoeningrat boten saged dados boepati wonten Magelang. Inggih makaten poenika sababipoen déné boepati Magelang sapoenika saking assistent wedana teroes saged dados boepati. Kadjawi poenika, doesoen Pajaman kaseboet nginggil, kadadosaken doesoen mardika. Tetijang ing doesoen ngrikoe boten kénging aradan heerendienst, lsp. oegi lepat saking koewadjiban ambajar paos. Malah kalanipoen tanahtanah pardikan sami dipoenitjali, namoeng pardikan Pajaman tok ingkang kalestantoenaken.

Boepati Danoeningrat I, dipoengentosi Danoeningrat II, ladjeng Danoeningrat III. Danoeningrat III poenika waoe kagoengan poetra kakoeng tiga: ingkang pambadjeng Danoekoesoema anggentosi djoemeneng boepati; ingkang nomer kalih Danoesoeganda boepati sapoenika; déné ingkang nomer tiga Hasan Danoeningrat boepati Poerwaredja.

***

Koela tjatet oegi ing ngriki, kala pahargjan 30 taoenan boepati Magelang waoe, Xaverius College Moentilan asasanti kikidoengan tjara Walandi binaroeng ing moesik, sanget adamel kaparenging panggalihipoen ingkang boepati, ngantos kawijos pangandikanipoen ingkang asoeraos. „. . . Ingkang sinoeba Pater Rector, . . . koela kalijan Radèn Ajoe sanget kapranan dateng pahargjan poenika waoe. Sanget genging panarimah koela toemrap lalagon moesik ingkang sakétja waoe. Babar pisan koela boten nginten manawi laré-laré Djawi saged ngidoeng ingkang kados makaten ingkang wonten salebeting pahargjan poenika sanget kawigatosaken . . . . . Margi makaten waoe, sapisan engkas koela ngatoeraken genging panarimah koela : . . " *(Locomotief).*

Wangsoel saking Digoel.

Sémahipoen Dasoeki ingkang toemoet ngetoetaken lakinipoen dateng Digoel, wangsoel dateng Soerakarta. Manoet tjarijosipoen mev. Dasoeki waoe Boven Digoel sapoenika katingal redja, tentrem. Wonten tontonan warni-warni, sakolahan èstri, poenapadéné schakelschool. Wangsoelipoen mev. Dasoeki waoe metoek anakipoen kakalih. *(Darma Kanda).*

Paos sepédah Prabalingga.

Gemeente raad anetepaken paos sepédah kanggé koekoeban gemeente Prabalingga.

Batinipoen kaoem hartawan.

Cultuur Maatschappij Tjèpèr andoem bebatèn (dividend): 43%; C. M. Randoegoenting-Tjandisèwoe: 18% C.M. Medari: 15%; (tiga pisan kaboedidajan tanah Kedjawan).

Maskapé S. C. S. andoem bati: 7%; S. J. S.: 9%; O. J. S.: 5%; S. D. S.: 9%; (Aneta).

Sasakit rosan.

Soer. Hdbld. mireng bilih quarantainetuin-ipoen proefstation Ranoe Daroengan katitik bilih rosan ingkang kadatengan saking Philippijnen ngewrat sasakit. Sasakit rosan waoe wonten ing Philippijnen lan Australie sanget angrisakaken taneman rosan. Sasakit ing nginggil saweg sapisan poenika kasoemerepan ing tanah Djawi. Sabab ing sasakit poenika dèrèng kasoemerepan. Para ahli rosan sami nindakaken paniti priksa.

Pegatan lan ningkahan ing djagad Islam.

Pambantoe *Sedya Tama* ing Soerabaja njarijosaken salebetipoen tigang minggoenan kapengker, landraad Soerabaja moetoes prakawis pegat lan ningkahipoen tijang èstri Islam anama Siti Aisah. Tijang èstri poenika dipoenkelah lakinipoen ingkang kawitan anama hadji Bakri ing Sidahardja. kadakwa anindakaken bigamie (bodjo loro). Menggah sababipoen awit tijang èstri waoe dèrèng katalak hadji Bakri, sampoen wani ningkah kalijan hadji Toha ing Soerabaja. Déné ingkang ningkahaken sad. Wandasoedirdja sesepoehing P. S. I. I. Soerabaja. Kadjawi poenika hadji Toha kadakwa njolong rabinipoen ngantos gadah anak.

Poetoesaning landraad, tijang èstri lan bodjonipoen nomer kalih, loewar.

Parepatan oemoem C. P. P. A.

Kala malem Selasa 2 – 3 Juni poenika, *Comite Pembrantasan Pendjoealan Anak-anak* ing Ngajogjakarta ngawontenaken parepatan oemoem manggèn ing Djajadipoeran, dipoenpangarsani mev. dokter Soekanta, wiwit djam 8 doemoegi 11.15,

Ingkang dateng ± tijang 1.500, sapérangan ageng golongan wanita langkoeng-langkoeng wanita Mohamad Dijah.

Pakempalan-pakempalan ingkang ngintoenaken wakil ± wonten 30, wakil serat kabar pepak. Prijantoen ageng ingkang rawoeh. wakil bureau ter bestrijding van Vrouwenhandel ing Betawi, wakil Inl. Zaken toean Soewirja, mr. dr. Soepama, lss.

Sasampoenipoen parepatan binoekanan ing voorzitster, panitra C.P.P.A. *mejuff. Soenarjati,* ambabadaken lalampahanipoen laré èstri tiga asli Koetawinangoen ingkang kasadé tijang, sarta saged kapitoeloengan margi pitoeloenganipoen dokter Saoedin ing kapal Tasman, kados ingkang sampoen katjarijosaken wonten Sw. T. lan serat-serat kabar sanèsipoén.

Lalampahan poenika anggondjingaken manahipoen kaoem wanita, langkoeng-langkoeng ingkang sami manoenggal wonten ing P. P. I. I., satemah P. P. I. I. ing Mataram ladjeng ngwontenaken C.P.P.A., déné warganipoen mèh sadaja pakempalan-pakempalan ing Ngajogjakarta. C. P. P. A. waoe gagajoehanipoen nedya amerangi padagangan ingkang sanget ngasoraken daradjading wanita Indonesijah. Sad. Soenarjati ngadjeng-adjeng soepados sadaja samia ambijantoe C. P. P. A.

Siti Moendjijah, sasampoenipoen nerangaken daradjading manoengsa langkoeng inggil tinimbang titah sanèsipoen, angadjeng-adjeng soepados sadaja tijang sami anilara patilasan ingkang saé sampoen ngantos kawon kalijan kéwan; oep. gadjah manawi pedjah nilar gading, oeler nilari soetra sasaminipoen.

Manoengsa kedah mitoeloengi kasangsaran oemoem, mila kedah oegi ambijantoe gagajoehanipoen C. P. P. A. . . .

Dipoenpratélakaken oegi kawontenan ingkang kagolong angasoraken daradjading wanita Indonesia poenika tetijang èstri ingkang sami dados palanjahan, ingkang sami dados talèdèk ambarang toeroet patjinan. Ing mangka ing tanah kita poenika boten wonten wanita bangsa Tionghoa oetawi Walandi ingkang ambarang toeroet patjinan dados titingalan; destoen malah wanita bangsa kita pijambak ingkang sami toemindak anjolok mripat, malah terkadang dados pirantosing kesenenganipoen bangsa mantja. Kawontenan poenika saèstoe noesahaken, . . . Pamedar sabda mratélakaken prihatosing manahipoen déné ing tanah Prijangan lss. katah laré èstri taksih alit kawoelang pantoen-pantoen ingkang béndjing ing agengipoen kanggé dadamel amiloeta sihing para prija. Katerangaken: samangsa laré ingkang kasadé anggènipoen wonten poeroeg sampoen sawatawis lami, wèrekipoen ladjeng kintoen serat tijang sepoehipoen laré, serat kaseboetaken saking anak, njarijosaken jèn dados bodjon wedana kaptin lss., satemah tijang sepoeh lipoer.

Dipoenterangaken kasangsaranipoen tijang èstri dipoensadé poenika anggènipoen boten mardika babar pisan, lan raosipoen langkoeng sangsara tinimbang dados bawahipoen bangsa sanès, djer kabawah ing bangsa sanès poenika meksa taksih saged sasrawoengan kalijan tijang katah.

Nalar-nalaripoen laré sami kasadé poenika, 1. dipoentjolong sarana boedjoekan; 2. dipoensadé tijang sepoehipoen pijambak, kanggé ngetopi samboetan; 3. mila kadjengipoen laré pijambak.

Toemrap laladan no. 2, lan 3, pamedar sabda nedahaken pambéngkas ingkang prajogi, i. p. ngatahi sakolahan lan roemah didikan kados grija lola sasaminipoen.

Sadèrèk *Maha Radja Sajuti Lubis* sasampoenipoen ngandaraken kasangsaranipoen tijang èstri kontrakan ing tanah Dèli gandèngipoen kalijan vrouwenhandel, anetepaken bilih ing djagad poenale sanctie katah prakawis-prakawis ingkang sasambetan kalijan vrouwenhandel. Mila, neda soepados 1: C.P.P.A. matah tijang amriksa kawontenan ing ngrika; 2: damel sesorah wonten ngadjengipoen tetijang èstri waoe; déné sesorahipoen kaprajogèkaken boten anggepok politiek.

Katerangaken oegi bilih sababing vrouwenhandel poenika kadjawi gagajoetan kalijan economie, oegi kasababaken déning pesrawoengan [pergaoelan] toewin kekirangan onderwijs.

Sad. Haanie, sasampoenipoen ngandaraken kasangsaranipoen tijang

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

POETRA INDONESIA KALIJAN DANSAH.

Swara Oemoem 21 April, '30 metik pawartos *Bintang Timoer* anjarijosaken bilih kita Koeningan dados toetoenggoel prakawis DANSAH!

Daradjading poetri-poetri Indonésijah sami karisak déning bangsa mantja, wonten salebeting andjogèd tjara Éropah!

Wohipoen *djogèd rangkoel-rangkoelan* ing ngrikoe katjarijosaken: grija kotjar-katjir, tijang djaler paben kalijan tijang èstri, tetijang èstri neda pegat, oetawi tijang djaler kesoepèn kalijan rabinipoen, margi tansah kèngetan kantjanipoen dansah bangsanipoen pijambak oetawi bangsa sanès! . . . . . .

Mangga, sinten ingkang mastani kadadosan makaten poenika saé, oetami, kadjawi ingkang mila sampoen kèrem ing karisakan?

Manawi *dansahipoen* bokmanawi inggih boten poenapa-poenapa, awit *tjarijosipoen ingkang gadah,* dansah makaten kagoenan! Nanging, ... wonten salebeting dansah tétéla gampil sanget tijang nandoekakaken patrap pangoedjiwat, ingkang toendonipoen andadosaken békaning ngagesang. . . . .

Ing *Bahagia,* kolom Soeara Pers, tanggal 13 Mei, njarijosaken kala malem Ngahad 3 - 4 Mei, ing kita Prabalingga wonten tijang gadah damel mantoe. Wonten ing pista ngrikoe para néné man bangsa kita (ingkang katah saking Soerabaja) sami ambeksa tjara Éropah. Malah pambeksanipoen ngantos wonten ing papan toetoepan.

Lalampahan poenika dipoenwadoelaken sadèrèk Prabalingga ingkang asisinglon „Penjajang bangsa" dateng pangrèh Indonesia Moeda tjabang Soepitoerang (Prabalingga). Serat waoe anjarijosaken bilih kawontenan ing nginggil andjalari kirang pitadosipoen para sepoeh dateng para néné man, lan oegi dateng Indonesia Moeda inggih sanadjan I. M. boten toemoet poenapapoenapa . . . . .

Ing serat wangsoelanipoen pangrèh I.M., dateng sadèrèk „Penjajang bangsa," mawi katjarijosaken makaten: „*Kami ta' ada sedih hati,*" (dojonging aksara déning koela Ptj. Mrh.) djika saudarakoe akan berdangsa, akan tetapi dangsa itoe ada tempatnja, boekan dimalam itoe, ditempat itoe . . . . "

Tétéla sanget bilih pamanggihipoen bangsa kita bab Indonesiër andjogèd tjara Kilèn, béda-béda. Wonten ingkang tjotjog, lan wonten ingkang boten roedjoek!

Djogèd rangkoel-rangkoelan poenika, gadahanipoen tijang Kilèn. Lan, tétéla sanget anggènipoen saja kaladjeng-ladjeng andjalari karisakan. Ingkang makaten waoe, tijang Kilèn pijambak katah sanget ingkang sami ngroemaosi! Katah sanget ingkang sami mengkorog gitokipoen! Poenapa boektinipoen?

Ing awaling taoen poenika, kanajakan Binnenlandsche Zaken toewin Justitie ing Nederland ngawontenaken commissie. Panitya waoe tinanggenah „soeka katrangan-katrangan dateng paréntah bab rembag: pranatan-pranatan poenapa ingkang kedah katindakaken nagari gandèng kalijan prakawis dansah!" (— oekara tjéngkok departement temenan poenikà!—) . . . . „de regeering van voorlichting te dienen over de vraag, in hoeverre van overheidswege met betrekking tot het dansen maatregelen dienen te worden genomen."

Wontening panitya poenika waoe boten anggoemoenaken! Djer, kala Kamer angrembag begrooting ing woelan November 1929, ing ngrikoe katingal katah warga angrembag prakawis-prakawis ingkang ngèngingi risaking kasoesilan. Malah ingkang ngrembag waoe boten namoeng golongan *tengen,* oegi golongan *kiwa.* Mangka roemijin-roemijin prakawis makaten waoe ingkang kerep namoeng kabodokaken golongan tengen. Mevrouw van Embden kapireng soewantenipoen mrihatosaken babajanipoen boekoe saroe, gambar saroe, sarta neda soepados nagari toemindak kentjeng: ngerepana andawahaken paoekoeman koendjara dateng para nradjang angger kasoesilan, dados boten namoeg dipoendenda kémawon!

Para maos! Nitik wontening commissie dansah waoe, tétéla sanget tijang Kilèn pijambak sampoen ngroemaosi babaja ingkang kasababaken margi dansah, andjogèd rangkoel-rangkoelan! Nanging sanadyan makatena, para néné man bangsa kita sadjakipoen saja katah ingkang gandroeng kalijan beksa tjara Kilèn waoe! *Saja awonipoen* malih, déné para sepoeh sami njontoni! Mila ingkang anèm inggih ladjeng kados dipoenpetjoet!

Pandjenengan sami mangretos para néné man taksih sarwa kentjeng, soegih idam-idaman, boten kekirangan koewanèn toewin initiatief. Banda makaten kedah kadjagi sampoen ngantos kasilep ing alam peper, alam nista lan sangsara!

Kados ingkang kaseboet ing *De Tijd* 11 Febr. '30, secretarising pradja Vaticaan pandjenengan dalem Kg. Kardinaal Pacelli angandikakaken: „Pasamoewan Soetji bakal angetog dajané preloe ngajomi lan roemeksa toeking kabegdjan apadéné kaloehoeraning para nonoman. (. . . . .): Déné soemebaring kabegdjané para nonoman maoe: kutumba, omahing wong ngatoewané, kang atatales pangandel marang Pangéran, katresnan sarta katentreman.

(„de Kerk zal alles doen wat in haar macht is, om de bronnen van het geluk en de waardigheid van de jeugd te beschermen en te verdedigen (. . . . . .) . . . (en) . . . de bron van het jeugdige geluk is het gezin, het ouderlijk huis, dat is opgebouwd op het geloof aan God, op liefde en vrede.")

Para sepoeh Katholiek! Pangandika dalem Kg. Kardinal Pacelli poenika koela atoeri njatet ingkang saèstoe! Kasoesilaning poetra, koela atoeri ambètèngi ingkang santosa! Sanadyan ing djagad Katholiek Djawi taksih dlemoktjoeng ingkang sadjak mimitran kalijan dansah rangkoel-rangkoelan, nanging poenapa awonipoen ngegaraken pajoeng sadèrèngipoen djawah, mrajitnani babaja ingkang badé ngobrak-abrik kasoesilaning anak-anak kita! Déné babaja waoe kadjawi sanès-sanès, kalebet oegi djaler-èstri, djakaprawan dansah oebeng-oebengan!

Kumuningsaselé 31 Mei '30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	6.30 - 8.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	6 - 8.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 830.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7 - 9.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Heuvel	5.30.		

1) 1e. Achad.
2) 1e. + 3e. Achad.
3) 2e. Achad.
4) 1e. Achad tiap² doea boelan.
5) 1e., 2e., 4e. Achad.
6) 2e., 4e. Achad.
7) 3e. Achad.
8) 3e. Achad.

èstri dipoensadé, ladjeng anerangaken bilih C.P.P.A. poenika namoeng komité kanggé sawatawis mangsa, sarta wekdal sapoenika dèrèng gadah dapoekan panjamboet damel [werkprogram] ingkang tetep. Prakawis werkprogram ingkang tetep poenika waoe kapasrahaken comité tetep ingkang tjalon madeg: éwadéné sapoenika voorloopige comité sampoen saged soeka antjer² sakedik kanggé ichtijar angitjali padagangan waoe, i.p. sarana 1: sadaja pakempalan sa Indonésia dipoenteda soepados anerangaken laladan vrouwenhandel dateng tijang katah, manawi makaten ladjeng saged toewoeh pijambak reactie saking tetijang katah. 2: anjebaraken gagasan-gagasan bab vrouwenhandel wonten salebeting serat-serat kabar sa Indonésia. 3: damel boekoe-boekoe bab padagangan waoe, kaserat mawi basa Djawi, Melajoe, Soenda, lss. kasebaraken dateng tijang katah.

Wasana kaadjeng-adjeng manawi ing béndjing sampoen saèstoe madeg pakempalan merangi vrouwenhandel, tetijang soepados samia poeroen ambijantoe. (. . . Ngadjengaken toetoeping parepatan sad. Haanie mewahi piweling samangsa wonten tijang kétjalan anak soepados énggal mladjeng dateng poelisi, oetawi dateng salah satoenggiling warga C. P. P. A. Dados sampoen kok ladjeng minta sraja dateng pendjalin petoek, oetawi doekoen sarana kapoeter giling sasaminipoen).

Sasampoenipoen pauze, *Ki Adjar Déwantara* angrembag vrouwenhandel sambet kalijan „kahoermataning bangsa" (kehormatan nationaal.) Lezing waoe kawastanan makaten, awit sinten ingkang badé andjoendjoeng daradjading bangsa boten kénging boten kedah oegi andjoendjoeng daradjading wanita.

(Pènget. Sosorahipoen Ki Adjar Déwantara poenika sanget nges lan mranani, saged laras kalijan gagajoehan kita prakawis sociaal. Mila, sasaged-saged koela sosorah waoe badé koela pèngeti ing ngriki ingkang rowa, kawrat ing Sw. T. béndjing Djemoeah ngadjeng. *A. S. D.*)

Sabakdanipoen prijantoen-prijantoen kaseboet nginggil, ingkang anggènipoen medar sosorah pantjèn pinidji ing C. P. P. A., ladjeng wonten prijantoen tiga oeroen rembag ingkang soeraosipoen boten preloe koela pèngeti ing ngriki.

Koela tjatet oegi, rikala pauze, C. P. P. A. ngoepados darma kanggé soembang soeroeng ragadipoen C. P. P. A., ... sarta pidantoek f 39,54⁵ *(tigang dasa sanga roepijah, sèket sakawan sèn sabribil)* . . . . Dados jèn karatjak tijang satoenggal namoeng sabénggol. Tegesipoen: . . . . . (koela atoeri ngisèni pijambak!) — *Verslaggever.*

Warandanipoen dokter Slamet.

Gandèng kalijan anggènipoen dokter Slamet pedjah margi nglampahi wadjib kados ingkang nembé kawartosaken ing Sw. Tm. ngriki, dr. Winkel insepèktoer Djawi Kilèn ngoesoelaken soepados waranda dalah anak-anakipoen dokter Slamet dipoenblandja salaminipoen gesang. *(Java Bode).*

Kapal Hadji Kongsi.

Nwe Vorstenlanden mireng bilih saking dajanipoen Mohamad Dijah sakedap malih badé wonten baita kapal kanggé momot tijang minggah kadji. Kanggé perloe poenika, M.D. badé njadé tigang èwoe aandeel, mawi regi warni-warni.

Moerid Normaalschool Mr. Cornelis mogok.

Kanggé mrotès wontening pranatan-pranatan énggal ingkang boten njenengaken, dèrèng dangoe poenika moerid N.S. Mr. Cornelis sami mogok, boten poeroen sekolah. Kirang langkoeng wonten moerid 50 sami ajon wantji daloe lolos saking internaat, sarta ladjeng ngitjal, wasanipoen kelah dateng Departement.

Pranatan-pranatan ingkang boten njenengaken waoe, oep.:

toelage kanggé schoolwandeling saben woelan f 1,75 dipoenitjali, boten angsal nganggé koeploek, kadjawi koeploek tjemeng, boten angsal nganggé hawaian shirt, (kemédja hawaian), boten kénging kasoeran.

Sapoenika sampoen sami wangsoel, prakawisipoen kapriksa. *(Keng Po).*

Serat kabar énggal.

Saking ada-adanipoen golongan Tionghoa kawartos ing Malang badé wonten serat kabar nama *Pewarta Malang.*

Ing Soerabaja badé wonten serat kabar mawi sastra Latin saking golongan kabangsan, anama *Djenggolo.* Serat kabar waoe angedjori serat kabar *Swara Oemoen* ingkang kaserat mawi Djawa Dipa sastra Latin. *(Pewarta Soerabaja).*

MANTJA NAGARI.

INGGRIS.

Pikantoek presèn f 120.000.

Margi anggènipoen maboer dateng Australië, Miss Amy Johnson (zie Sw. T. minggoe kapengker), pikantoek presèn 12.000 pondsterling, (f 120.000) saking serat kabar Daily Mail.

PERSI. Paréntah Persi, medot kontrakipoen kalijan Engelsche-Amerikaansche-Duitsch-spoorwegsyndicaat, margi syndicaat poenika waoe boten patos netepi pranatan.

Ingkang kinadjengaken, badé jasa margi sepoer saking soenglon Pèrsi dateng saganten Kaspi, nglangkoengi Hamadan toewin Teheran, waragadipoen karantjang kirang langkoeng 20 mlijoen pondsterling.

PILIPINAH.

Dèrèng mateng.

Staatssecretaris departement Oorlog Amerika nembé poenika kintoen serat dateng Senaatcommissie Philipijnen, mratélakaken bilih tetijang Pilipinah dèrèng mateng kanggé bawa pribadi, mila sapoenikanipoen babar pisan dèrèng preloe nemtokaken béndjing poenapa tanggal kamardikanipoen tanah Pilipinah.

Tijang Pilipinah kapoerih njinaoe roemijin prakawis:

a. Keprijé enggoné ngilangi tatanggoenganè Amerika Sarékat toemrap wong-wong sing doewé obligatie lan dadi boeboehané landskas Pilipinah (tegesipoen: apa bisa nampa oetangé nagara Pilipinah); b). apa Pilipinah kebangkat ngangkat financiën kanggo maréntah déwé; apa bisa merangi pangaribawané politiek sadjaba lan sadjroning nagara samangsa dimerdikakaké; apa bakal nganggo basa boemi sidji sing oemoem.

Serat-serat kabar sami anegesi serat waoe: paréntah Amerika Sarikat saiki, babar bisan ora njondongi kamardikaning nagara Pilipinah. (Aneta Radio saking Manilla, tanggal 21 Mei).

WAWASAN BOEKOE.

Nembé tampi boekoe saking Firma J. B. Wolters:

Pratikelé moelang
anggitané
L. van Rijckevorsel
Directeur Normaalschool ing Ambarawa.

Boekoe poenika kanggé moerid ing Normaalschool toewin goeroe ing pamoelangan andap. Boekoe poenika ngrembag pratikelipoen moelangaken woelangan ing sekolahan alit, kadosta: maos, étang, njerat lss.; dados inggih anggepok, poenapa ingkang kedah kawoelangaken ing satoenggal-toenggaling klas. Kedjawi poènika, sebab ing klas ingkang andap pijambak (klas I) poenika larénipoen (sadaja moerid) nama taksih miwiti ing sadajanipoen, mila goeroe kawantos-wantos sanget, soepados ngrékadaja, sagedipoen laré-laré waoe seneng sinaoe; mila ing boekoe inggih katerangaken pandjang sanget, nglangkoengi manawi nerangaken pratikelipoen moelang klas sanès (klas inggil).

Boten namoeng pratikeling moelang klas 1 kémawon, ananging pratikelipoen moelang klas sanèsipoen oegi katerangaken; poenapa malih anggènipoen nerangaken ing satjeta-tjetanipoen, ngantos saking pamanggih koela, sadaja para goeroe, ingkang temen-temen anglenggahi pangkatipoen saha anggatosaken kawadjibanipoen, toewin kepéngin soepados moeridipoen énggal saged (pinter) tan boten, temtoe badé seneng maos boekoe kasbat nginggil. Moegi-moegi sadaja goeroe amoendoet boekoe poenika, ladjeng kasinaoea ingkang sajektos, sasampoenipoen mangertos kaetjakna.

Basanipoen boekoe poenika pasadja, tjeta, sampoen nama saé, sanadjan wonten oekara ingkang salong taksih kénging kaloewesaken.

Saged toembas ing Firma J. B. Wolters: regi namoeng: f 1,25. Mangga dipoentjobi.